



Pou Piblikasyon Imedya: 24/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PASE FÒS ENTÈVANSYON SOU KRIM RAYISAB NAN
LAPOLIS ETA A ENSTWIKSYON POU ASISTE NAN ANKÈT SOU SWASTIKA YO
NAN LAKOU LEKÒL QUEENS LAN**

“Mwen santi mwen konstène epi degoute akoz Swastika yo ansanm ak lòt senbòl anti-Semit rayisab yo ke yo te desine nan yon lakou lekòl Queens.

Nan New York, nou gen yon politik zewo tolerans pou zak meprizab anti-Semit sa yo. Mwen ap pase Fòs Entèvansyon sou Krim Rayisab nan Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Task Force) enstwiksyon pou li asiste NYPD nan ankèt sou zak malonèt sa a, epi pou li fè moun ki responsab yo sibi tout konsekans lalwa prevwa yo.

Moun New York yo kanpe bò kote kominote Jwif lan kont anti-Semit sou tout fòm li yo, espesyalman apre atak ki pi mòtèl sou kominote Jwif lan nan istwa nasyon nou an. Nou deklare ke pa gen layèn nan eta nou an, epi nou pral toujou kanpe ansanm kont layèn ak diskriminasyon”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)